

Pembantu sareng
agen:
Priangan koelon
Bestuur Paoendan
Bogor.
di Tjiandjoer
Bestuur Paoendan
Tjiandjoer.
Priangan tengah
H. B. Paoendan
Bandoeng.

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggwan dikaloearkeun koe Tjabang Paoendan Tasikmalaja.

Diitjak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantu sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Paoendan
Tjiamin.
Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Paoendan.
Soerabaya.

Redakteur:
SOETISNA SENDAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

KARANGAN adressa ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sames deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangas ADVERTENTIE:
1/10 katja. f 2,50 } Sakali moeat
1/20 " f 1,50 } dibajar ti pajoca
Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih. . . . f 1,50 Dibajar tipajoca. Salambar 15 sen.

GEVRAAGD.

Met ingang van 1 Juli 1928 een leerkracht met akte.
Wiskunde L. O. voor de te openen gesubsidieerde Mulo-school
der vereeniging PASOENDAN te Tasikmalaja.
Gouvernementsvoorwaarden + f 25.— toelage 's maands.
Stukken zoo spoedig mogelijk te richten aan het Bestuur
Pasoendan te Tasikmalaja.
Inlichtingen ook te verkrijgen bij den Heer Hildering Consulent
van den Bond van Neutrale schoolvereenigingen Kramat 164
Waltvreeden.

Gesubs. Neutrale Mulo-school der Vereeniging „Pasoendan” te TASIKMALAJA.

Opening met 1 Juli a. s. Aangifte van leerlingen voor de
voorklassen en de Eerste klasse voor 1 Juni 1928, door bemid-
deling van de Hoofden van Scholen, onder overlegging van een
verklaring en afschrift rapport.
Toelatingsexamen voor leerlingen onder verandering voor
Voorklas en Eerste klas op 1 Juni 1928, onder vermelding van
den leeftijd.
Zich schriftelijk aan te melden bij den Heer J. L. Ame-
rika te TASIKMALAJA.
Het Schoolgeld zal bedragen Gouv. tarief + f 2,50.

Verslag Openbare Combi- natie Vergadering di di Bandoeng.

(Samboengan)

Biantara Djrg. Ir. SOEKARNO.

Toean Ir SOEKARNO: Perkara
studenten di Negeri Belanda perho-
boengannya amat rapat dengan kea-
dan di Indonesia.

Kaum sana terperandjat oleh kare-
na mendang boenjina senapan da-
rila kaom Communist, kaom sana
lantas mendjoengkir balikan segala
apa.

Beriboo-riboe kaom Communist di
tahun dalam boei dan di boeng ke
Digoel tapi roepanja beioem poes ha-
tinja kaom sana oleh adanya korban
korban jang sebanjak itoe, tandanja
selaloe mengadakan pengutipan jang
tajam.

Semoea pergerakan jang mengedjar
kemerdakaan lantas di berinja titel
Communist dan mendapat roepa-roepa
rintangan.

Sesoeahnja timboel pemberontakan
Communist di boelan November 1926
dan Januari 1927 berhamboranlah
roepa-roepa rintangan terhadap pada
pergerakan Indonesia.

Boekan sadja kita, tapi djoega Dr.
SOETOMO kaom Nationalist sedjati
telah di riboetkan, dan boekan sadja
Dr. SOETOMO tapi djoega Dr. TJIPTO
ada dalam keadaan jang demikian.

Tapi kita tida oesah heran sebab
wemang; soedah mistinja kaom sana
menghalangi maksoed kemer-
dekaan.

Djika pergerakan membahajai ke-
pentingan kaom sana meskipoen par-
ty apa djoega selajoe dirintang.

Pergerakan apa djoega jang toedjoe
anja oentoek kemerdakaan lantas di
kata Communist.

Sikap kaom sana terhadap kepada
kita ialah sikap pendjadjahan.
Soeal djadjahan boekan soeal kes-

panan tapi soeal pernet kerontjong.
Dimana djoega bila pergerakan mem-
bahajai pernet kerontjong tentoe men-
dapat rintangan.

Menoeroet toelisan Prof. Mr. Treub
segala pergerakan haroes ditindas.

Setelah timboelnja pergerakan Com-
munist ialah pada tahun 1926 di
sini dan tahun 1927 di Sumatra, ma-
ka semoea pergerakan bangsa kita
selaloe mendapat rintangan.

Studenten bangsa kita jang ada di
Negeri Belanda seboemnja ada per-
gerakan Communist telah mengeloer-
kan gedenkboek dan telah pergi ke
lain-lain tempat dan berdjaja oepaja
oentoek mendjoengdjoeug deradjat In-
donesia, tapi itoe waktoe mereka ha-
nja mendapat rintangan dari kaom
reactie dengan djalan haloes sadja.

Kita tentoe merasa kaget oleh ka-
rena kaom sana telah menjangka pa-
da studenten bangsa kita di Negeri
Belanda bahoea mereka telah menga-
dakan perhoeboengan dengan toean
Semaon, tapi hal itoe roepanja tida
di periksa lebih djaoeh.

Sebab toean Semaon Communist,
maka studenten itoepon di katakana,
tja Communist djoega.

Wang jang keloear dari kantongnja
toean Semaon sendiri jang di berikan
pada studenten kita di katakannja
wang dari Moskou.

Di belakang kloor ada mengodjok
mengodjok pada Pemerintah ialah
raadsmen Westeneck jang bermoea
kajoe.

Westeneck telah bersoempah akan
memaami semoea pergerakan Indo-
nesia dengan akar-akarnja.

Ketika di lakoean penggeledahan
pada studenten, katanja pada mereka
telah terdapat beberapa revolver dan
dalam piano ada terdapat beberapa
bom.

Mereka itoe telah ditoeoeh soedah
memboeat rantjangan pemberontakan
jang akan di lakoean di Batawi, toe-
lah sebahnja mereka lantas di masoek

kan ka dalam pendjara.
Tapi sekarang dimanakah adanya
segala toedoehan jang di djatoehkan
pada mereka itoe.

Di waktoe sekarang tida ada satoe
hal jang tida boleh di bawa di moeka
pengadilan.

Segala toedoehan jang di djatoeh-
kan atas diri studenten itoe semoea
tida benar, tandanja mereka semoea
telah di bebaskan.

Kedjadian revoljtie haroes menoer-
oet dari keadaan dari negeri negeri-
nja.

Setelah di dengar kabar bahoea stu-
denten itoe di bebaskan dari toedoe-
hannja maka pers.kaom sana lantas
marah dan boeka moeloeat jang sele-
bar-lebarnja.

Oleh karena jang memeriksa berko-
elit sedang jang diperiksa berko-
elit hitam. maka di atoe timboellah
perbedaan.

Mr. Duiys telah berkata: Djika se-
gala matjam itoe haroes di toentoet
tentoe saja soemoer hidoep haroes
meringkoek dalam toei.

Soekoerlah kedjadian itoe di negeri
Belanda, djika di sini tentoe mereka
itoe semoea pergi ke Digoel.

Kita tida haroes mengoetjap terima
kasih pada medjelelis di negeri Belan-
da sebab mereka itoe tida haroes di
hekoem.

Kita haroes mengoetjap hormat pa-
da Mr. Duiys dan Mr. Mobach begi-
toe poen pada S.D.A.P.

Meskipoen studenten itoe di hoe-
koem kita tida oesah menjoesel sebab
itoe ada haknja hakim, tapi ingatlah
bahoea kitapoen ada mempoenjai hak
oentoek mengedjar kemerdakaan.

Sekarang mereka itoe telah di be-
baskan dan kita jakin bahoea mereka
itoe akan selaloe ada disamping me-
ka itoe.

Ingatlah toean-toean! sekarang ka-
moes masih bisa makan satoe kali ta-
pi awas djika kamoes tida bergerak
kemoedian anak atau tjoejmoe atau
boeioetmoe akan mendapat kesengsa-
raan jang lebih ngeri.

Selama kaom reactie masih merin-
tangi pada kita. itoe tandanja bahoea
haloesan kita baik adanya.

Saudara-saudara! bersatoelah dja-
nganlah merasa koetar.

Indonesia memang ada satoe tem-
pat jang koest, djika tida tentoe ti-
da akan mempoenjai toean-toean Dr.
Tjipto, Tan Melaka dan lainnja.

Sabarlah saudara saudara soepaja
kaom sana bisa taoe bahoea perasa-
an jang ada dalam dada kita ini
oentoek keperoesan kita.

Toean INOE SARI madjoe di po-
dium.

Toean INOE SARI: Memang kita
berbesar hati oleh karena studenten
bangsa kita di negeri Belanda telah
mendapat kemerdikaannja kombali.

Kita haroes berbesar hati sebab
mereka itoe akan teroes bekerdjaja
oentoek keperoesan kita.

Meskipoen mereka itoe di hoekoem
tapi akan datang lagi gantinja.

Kita bisa di hoekoem dan di boe-
noeh, tapi tjita tjita kita tida bisa di
boenoeh.

Oleh karena takoetnja pernet lapar
dan kantong koeng, maka itoeilah
maksoed kita selaloe di rintangi. Ta-
pi djoega takoe.

Selama masih ada saudara kita
jang metjinta pada tempat toempah
darahnja tentoe maksoed kita akan
di teroeskan. Oleh karena itoe wa-
soeklah djadi lid pada sala satoe
perkoempoelan jang menoedjoe ke-
merdekaan.

Orang jang neutraal itoe boekan
menoesia. Kita jang berkoelit hitam

tentoe tida bisa tjampoer dengan jang
berkoelit poetih.

Toean A. JOEHJAT madjoe di
podium.

Toean A. JOEHJAT: Kita mem-
bilang banjak terima kasih dan mem-
boeka topi oleh karena studenten
Indonesia jang di negeri Belanda tel-
lah bebas dari perkaranja, moedah
moedahanlah senapati itoe djoega
sampai kena rintangan lagi.

Kaom sana jang tida bisa meng-
hoekoem pada mereka itoe mekannja
marah hidoengnja kempes, berasa
maloe sebab ichtiarnja tida berhasil.

Kita orang djoega tinggal diam
haroes teroes bekerdjaja oentoek me-
tjapai kita poenja tjita tjita, moedah
moedahan ada sisanja oentoek
noeloeng pada saudara kita jang ma-
siah ada dalam preventief di sini jang
hampir 11 boelan lamanja.

Djoega soepaja bangsa kita jang
soedah lama di tempat boeangan
djoega sampai lebih lama dan bisa
lekas kombali.

Boekalah moral soepaja djoega
mendapat sial. Marilah berdoeioen
doeioen mendjadi satoe fikiran.

Perhatikanlah pimpinan kita poe-
nja didikan.

Ingatlah akan pepatah satoe boeat
semoes. Penoehilah koedjibanmoe,
goeloengkanlah tangan badjoemoe,
keloerantian koedjibanmoe soepaja
senang kepadamoe.

Pakailah katja mata oentoek me-
nampai kotoran, keboel dan aboe ka-
na di mata.

Poekeol 11.45 vergadering diloeoetjap.

Boentoet Bandoeng.

Samboengan.

Mangbingoengkeu a.

Koering anoe bodo, beureut pakeun
poengsat bahan, mangbingoengkeun
noe aja, kanoe djadi pamarentah tina
atoeran atoeran sarilah ieu, anoe
pohara diramekeunana koe djelema.
Ti kentja, ti katoehoe, ti toekang ti
hareup, rame pada njedek koe roepa
roepa paoehoen djeung patarosan,
di piloearan noe ngomel teu aja eu-
reunna, atoeh djinisa pirakoe rek
tjijing bae, tangtoe isoek pageto
djongok djogo njoehoeukeun bebene-
ran.

Ana pek toean Goepernoer atoeh
anoes sakitoe kentengna, taja petana
ngeser tina tempatna, djaoeh pisan
kana sadaja dajana teh, tangtoe pa-
geuh njekel tjetekelelana, panteg
ning panteg koe pada njedekkeun ata-
wa kasedekkeun meureun tjenah sa-
oerna teh.

„Hij of ik?”

Lamoen geus nepi kana palebah
dieu meureun djoeloeu deui, euweuh
toeloelnja, da kitoe koemaha, kieu
koemaha. Malah boleh djadi, lamoen
koering soeh, kieu bae atoeh nja men-
ding sina ngelehan noe ti landap
bae, sina wajahna.

Tapi pirakoe ari nepi ka tega
onaman! Dina palebah dieuna mah
memang koering teu ngabibisani be-
sena ngadjalankeun pararentahan teh.
Hadena bae koering lain „AOTORI-
TEI!” saoeur djoeragan Pangsoen tea
mah.

Ngan djigana bae, kabingoeng ka-
soesah pamareutah kieu teh,— lamoen
enja bingoeung kitoe soeh,— beunang
na dikepekeun teu aja lian tadjaba
ti koe djalan sakoemaha noe ditoele
koe koering mimiti tea, njaeta koe
djalan commissie van onderzoek tina
perkara ieu.— Ngan mangkabade bae
anoes djadi ledenna, koedoe noe neu-
traal pisan, oelah kouna koe pang-

Ti pipir hawoe.

Patazoenan.

Manroboeka: Bangsa naon maneh?
Noe ditanja: Bangsa Soenda.

Manroboeka: Naon kalakoean maneh
ngakoe orang Soenda?

Noe ditanja: Djadi Marhaen bae ab-
di mah.

Manroboeka: Aboes kana Burgelijke
stand?

Noe ditanja: Naon Burgelijke stand
teh?

Manroboeka: Maneh Raden? Djadi
pagawe Goepernemen
noe gadjihna leuwih ti
f 100.—?

Noe ditanja: Abdi mah kaom Moes-
limin, dina Islam mah
tara ngakoe ieu koering
Rahadian

Manroboeka: Maneh asoep ka nara-
ka sabab sawarega mah
keur noe asoep kana
Burgelijke stand bae
wbangoel.

Gelenjoe.

roeh itoe djeung Ieu.
Salamet, Insja Alloh, lamoen kieu
mah moel bingoeung sarta adil pga-
djalankeunana. rek beureum rek hi-
deung goeroe boekti, moel djiga anoe
beurat sabeulah.

Dina prakna digawe commissie tea
lamoen waktoe-waktoe ieu mah tang-
toe laloasana, sabab noeroetkeun be-
dja toean Residen Midten Priangan
ngalih ka Pasoerogan, toean Goep-
ernoer angkat verlof saboeulan, mimiti
ti 7 Mei. Doeka gara gara naon ieu
teh? Boa boa!! Katoeroeg - poeroeg
Kdj. Garoet teu toeloel/moendoet
pangsoenna teh tjuek B. T. mah.—
Ieu... noe kieu oge, tja boe-
toet tea.—
*) „autoriteit” pipokeunana.

Oca Nanj.

Vergadering Pasoendan.

Dina Openbare Vergadering „Pa-
soendan” tt. 1 April 1928, dina punt
5 nempatkeun Rechtskundigen, koer-
ing narita djeung nembongkeun
panoedjoe djeung ka teu panoedjoean
kana maksadna djoer. Achmad At-
madja.

I. Memang bener panoedjoe, la-
moen anoe djadi President tina pa-
ngadilan, njandak tina basa djeung
bangsana. Saperti orang Soenda
koedoe di tempatkeun di tanah Pa-
soendan anoe djadi Presiden tina
pangadilan teh, sabab ngarti: basa
Soenda djeung njaho dirasa Soenda
eta panoedjoe pisan.

II. Tapi koering menta kieu, sa-
nadjan bangsa Djawa oge kadjeun
djadi hakim di Pasoendan asal bisa
basa Soenda sarta oening kana adat
Soenda, sadjan toeroenan Soenda
ari teu ngarti basa Soenda mah
tjoemah, di dieu koering digaro-
moedjoekeun lantaran moestail
orang Soenda teu ngarti basa Soenda

III. Ke oelah waka goemoedjeng.
Koemaha lamoen kieu, bener orang
Soenda toeroenan Soenda, tapi ti
oemoer 6-7 taon sakola di Lagere
school toeroeg toeroeg „in de koet” di
bangsa Walanda, lantaran hajang
bisa basa Walanda djeung adat ista-
dat Walanda troes kaloeur asoep
kana sakola Mulo tamat troe...kola
A. M. S. gantjangan ka nagri djeung
keinging titel Mr. tah ieu gode kap-
tjajaan kana djadi hakim di Pasoen-

dan pinter bsa Soendana? gede rasa Soendana? Kapan bsa teh koedoe djeung grammatikana!

Angot ana soemping ti nagara Walanda bari njandak enon djeung geus gelijkesteld deui.

IV. Geus loba tjonto di tanah Djawa toer bidjilan Kraton, di sakola keun ka Nagri ana enggeus djadi Doktor ramana palaj papanggih di tolak, malah aja noe hajang naros ka Dr. Tjpto naon sabab-sababna anoe matak kitoe.

Di Djordja aja kadjadian bangsa Tiang Hoa, njakolakeun ka nagri Walanda doegi ka poetrana djadi Doktor pest dina 1 mangsa ramana palaj papanggih, di wangselan sae, namoeng kedah taboeh 1/21. Kari kari soemping dina taboeh 12. Kabeneran roa tamor, Djongos oendjoekan ka toean Doctor, jen aja Tjina hajang patepang sareng ngakoe poetra, ari di wangsel teh alos pisan, djongos oesir itoe orang Tjina, toeh da kitoe nepi ka poepoesna iboe ramana teu patepang deui.

Lughale bangsa Tjina sareng bangsa Djawa katjida koedoe ngahormatna ka indosung bapa teh, dina basa Tjina Oehaw, dina adat Djawa noe wadajib di sembah teh goeroe ratoe djeung wong atoea karo.

"Oelah waka goemoedjeng tah sienn kitoe koering teh" geuning noe balaka Studenten di Holland, bet Toean Mr. Mobjach djeung toean Mr. Duys

Bareng di paubah iboe ramana tjeuk saodjaring bedja rek barang kintoeun ka poetrana noe keur sangsara teu waranieun doeka sababna, tah lamoen bener kitoe, eta tjotjog sareng rasa Soenda noe saroepe kitoe? Lerjap-keuneun!

Balik deui kana gelijkt gesteld, pikoeun ka anak intjoe koering katjida teu pauehoena, sabab Soenda noe geus meunang titel Dr. Mr. teh katjida pisan djadi ageolng pikeun bangsa Soenda sanadjan lain sanak lain kadang oge tapi kana zaatohan mah miloe, malah nganoehoeunkeun kanoe kagoengan poetra, oge pikeun noe lain bangsa djadi kaheranan oge djadi soeal sihoreng moenggoeh papada manoesa rasa perasaan djeung oetoeun na seroes bae, koe lain bangsa katjida di hormatna sabab nilik dina bangsa Soenda karek 1, 2, 3, 4 bae.

Kari kari bet gelijkt gesteld, atoech teu aneh da ari di Eropa mah lain loba deui tapi geus njaeur Mr. Dr. teh.

Djadi ngan diseboet loembrab hae. Deui saperti di oerang tapa tjengah teu dahar sangoe, ngan dahar roti djeung koemeli hae, nja tjeuk Soenda mah bener bae, tapi ari tjeuk blanda totok mah, ih eta mah biasa bae lain tapa, biting-biting Blanda totok beuki djengkol djeung pete bisa di seboet aneh Soenda dahar roti djadi aneh, tapi tjeuk Walanda loembrab hae.

Oge bangsa Soenda noe geus djadi Mr. Dr. teh saroes bae djeung djadi maeng santiangan oerang Soenda djadi kaagoengan oerang Soenda, tapi lamoeu djadi bangsa Walanda meureun teu djadi kaagoengan Walanda sabab geus loba maeng lodaja ngan kaanggap Meong toetoei bae atawa Meong tjongkok.

Peudek lamoen anak intjoe koering kitoe lakoe rek di soepataan ti ajeuna sina djadi tjatjung kaloeng, da ari di soepataan djadi banteng mah sienn noebroek, koe tina teu tjotjog-tjotjog-na.

Hardjo Proewito.

Pikir.

doeka di mana noe aja!
Tah! Repeh Rareungeunkeun! Sada aja sora tan katingal, sadana sada noe geulis tjitjirikik, sadanjan!
Di mendi noe galing meuting, di mana noe lencjang midang, di mana noe denok mondok, riab pada parejangan, geus lila henteu nembongan, broel njaroeseol ka noe djaeoh, marapaj djaln Pasoendan.

Di mendi maliwis mandi, mandina di panggoejan.
Di mendi noe geulis djangdji, djangdjina di pakalangan.
Atoeh koedoe ditarejang ka pakalangan ari kitoe mah!

'Moen rek indit ngoesap birit, moen rek leumpang keupat heula, totonden paugauggo kolot,

bilih poegag koemawoela, araning dibangbalikan, ngalantoeng toeroet loeloeroeng, palias aproek-aproekan.
Bade angkat ka mana?

Bade ngilari noe geulis, Bade nejanan noe lendjang, noe ngalotos ti Karaton, noe aja doeka di mana, mangga tjeang tarajangan, disoesoel ka loehoer soewoeng, ditejang ka handap taja.
Dialak ilik di Hilir, Ditejang tejang di Girang, dikoerah-koreh di kaler noe aja doeka dimana, mangga tjeang tarajangan, tjeang saroesoel di kidoel, scegan di adeg Pasoendan (?)

M. G. K.

Timbang-Windoe (Tjiamis) 25/4-28.

(?) sorangan.

Elat nampa gadjih.

Ari diemoet-emoet, bet asa katoe roeg-katoetoe, eukeur mah eukeur, gadjih goeroe-goeroe desa teu tjoekoop, ieu katjotjokan, ah itoe bolongor. Noe muetkeun anoe parantos-parantos sering pisan elat gadjih goeroe-goeroe desa teh, tamponana mah doegi kana kaping wlasana.

Koe margi sering elat tea, teu kin teu sering ngaroes nalangsa nja ati, ari noe djadi kanalangsana teh seueur-seueur pisan, saperti.

Goeroe-goeroe desa teh benteu sadajana aja di tempatna koe arandjeun malah seuseurna mah noe ngembara. Sanacs noe di tempatna koe andjeun oge, noe kirang kagadoehna di pengker mah, nja angger bae kirang, kome noe ngoembara mah; nja eta lawang hidji noe sakitoe tea, tanggal boelan teh lain tanggal hoetang, tapi rambaj keneh, ieu teh sanacs parantos djadi babasaan oge. estoe dikajikeun pisan, nja eta rikrik ngadjeudjeubkeunana, moeng masih keneh bae gonggauna mah. Keun koe perkawis ieu, manawi aja sih koerniana noe ti pojoneu njaeta disaean gadjihna tea, estoe diadjeudjeng pisan.

Eta anoe djadi kanalangsana teh, berhoebong sareng anoe sok ngabajeon, nja eta toekang beas, djangdji dina nampi gadjih (lalahar diseboetna dina abis boelan), da noe ngandjoek-keun mah teu njaho di naon-naon nja ho abis toelau bae, da diseboetna oge dihoelankeun, mangka tanggal 10 teu atjan nampi. atoech meh oenggal pe-8 dougkapna nagih teh, malah bari koe koelostoes sigans, mau' bati isin bae koe tatangga, soemawonna koe manehna mah, katoeroeg-toeroeg deui manehna teh ngajoeh, nja eta ngarah leleberanana, kari-kari elat, deui, atoech djadi doea nalangsa djeung manehana.

Tah koe margi kitoe, parantos ngeorangan kapertajaan teh, madjar maneh teh entong ngandjoekkeun ka Djoe ragan goeroe desa, sok elat gadjihna, teu tjara djoeragan . . . atawa djoe ragan . . . angger tjarek tanggal hidji teh atawa tanggal doea, tara salah deui, paling geseh oge, ngan oekoer sadinten. Palebah dieu oge parantos gadoeh emoean, hojong oelah ngandjoek heula teh, nja eta dibehroeting, namoeng nja eta atoech, tadi oge di loehoer parantos disanggemkeun; doegi ka kapaksa metakeun akal sanes bae ka noe lian, nja eta akal soeteh djaeoh deui bae, batan ngongkrong mah boedak retjet, lantaran koe langgan ti heula teu dibere deui, da nja eta atjan katjoempnan tea, koe lantaran kitoe, maloeom omong; tjeuk paribasa oge harves alah batan goong, atoech hiroepna goeroe desa teh koe sabab kitoe, estoe nista pisan.

Bet ari ras teh emoeat kana saeorna djoeragan naon hilap deui, goeroe desa teh geusan noeloeng oerang desa, ngallarkeun pangadjaran ka baroedak, kari-kari kolotna koerang kapertajaan ka mas goeroe atawa ka oedjang goeroe teh.

Djeung indoeng baroedak mah geus teu kaget deui ma'loem ari awewe mah sok koerang saer, nepi ka pi kiran teh, doegi ka pada ngagorengjang keun, koe itoe tea, koe ieu tea, nja eta atoech doegi ka seeah metakeun akal, koemaha pikiran goeroe dina waktoe dienst (ngadjar) soepaja oelah katjongtjaj, beunang diseboetkeun henteu sehat pikiran teh, koemaha atoech akalna? Nja eta atoech, koe hajang tjara golongan golongan noe

sedjen estoe tigin waktoena teh, tjing atoech oepama tanggal 5 hojong pas tanggal 5, oepama tg. 10 atoech sing anggar tg. 10 nja eta eukeur mah eukeur martabat goeroe desa teh. . . . katoeroeg toeroeg gadjihna oge sok elat, atoech woewoeh teu aja tjabarana teh, samangsa teu aja tjabarana, leu ngit kapertajaanana, samangsa leungit kapertajaanana koemaha piboeaheuna na.

Komo ngingetkeun eta mah dina koempoelan hal kawadajiban, sok disa rengkeun sareng gadjih, estoe ampoen katara entas gadjih teh, tjara koe kontrak ngalioed, mani ebreh pisan kabinaan teh, toeroeg toeroeg sok di pegat (ditoenggoeun di djaln) koe noe ngandjoekkeun pangna ditoenggoean teh, sadjaba geus ngoerangan kaper tajaan teh, eta koe lantaran katjida elatna tea. Demi djaba ti kitoe teh, ma'loem manehna oge beunang nga joeh deui, da dagang koerang modal, atoech manehna oge ngoerangan deui kapertajaanana ti noe toga barang.

Koe kadjadian kitoe teh, mani nga leketej nja hate, lantaran ngotoran ka djelema sedjen.

Adoeh koemaha sangkana bisa nembongkeun adres ka oerang desa, nembongkeun adres soeteh lain hajang diagoengkeun, da poegoech roemasa; tapi eta ras koe kawadajiban, roemasa djadi goeroe, koedoe ngaliarkeun elmoek ka oerang desa, mangka pikiran, di djeo bekeu koe kaseah; kutoen na rik napas bae, paingan atoech goeroe goeroe desa teh teu aja hargaana, sanes ari hojong dihormat hormat tea mah. sok inggis eta, si anoe njarita teh, njaritakeunana kabinaan goeroe desa teh ka noe teu ngarti loeroe nganana, ana toeloeh teh eta noe diba wa njarita, tjarta deui ka batoerna, njaritakeun kabinaan goeroe desa, ana seug teh lepoeng djeung goeroe goeroe desa, ngahormat si ngahormat, tapi hatena mah, wah pilakadar. . . . geuning kitoe kaajaan goeroe desa teh, tah di dieuua mangga lenjeun.

Koe kadjadian noe ditataan bieu di loehoer, beunang diseboetkeun teu sabaraha, oepama dibandjengkeun djeung kaajaan saroepe kieu.

Eukeur mah eukeur tadi diseboet sok elat, ari ajeuna mah, dina boelan April 1978, djaba ti elat doegi ka 30 dinten (saboelan gonggang) teu narima doeti, doeka teuing naon lantaran-lantaranana? menggah sim koering mah noe bodo koe lantaran teu teraeng oeroesanana, asa teu digadjih bae sabcelan. Ari panjana teh samemeh meunang bedja jen moal nampa gadjih, soegan teh biasa tea bae sok elat tea.

Tapi koe lantaran seringna poelang anting tataros soesoengan tiasa enggal nampi, bet angger meunang poe toesan moal narima. seueul angen nahan sedih, ari datang ka imah, reh tadi inditna bebedja ka indoeng baroe dak rek njokot gadjih atoech sabot dikantoer teh noe pinagihuan mah geus radjol.

Koemaha ari datang teh? Bareng dibedjakeun ka noe uragih jen teu narima doeti teh, atoech maranehanana njotop piusteun doelang, basana moal dibere deui ngandjoek lamoen atjan loemsa.

Ari indoeng baroedak mah barang ngadenge kasaoeranana noe naragih kitoe, mani ngalimba bari nendjo baroedak, katoeroeg-toeroeg keur aja boedak noe gering, koemaha nja dalaharna, sabab ti tadina oge lamoen teu ti noe ngandjoekkeun mah kawasna timana baroedak dalaharna, da noe sedjen deui mah, poegoech geus terangeun jen sok soeah majarna, nja eta teu poegoech waktoena tea, tangtloe moal merena teh, nepi ka toeng toengna toeloeh njaritan boedak bari tjurik inghak-inghakan, moposk teu kaboe roe ngandjoek minjak.

OKA.

Karep.

Samboengan

Njaah ka lemah tjai palebah dieu ngaroeksak kana kawadajibanana.

Ari koe kitoe tea mah memang kaharti ngan eta teh salah. Njaah ka lemah tjai koedoe ngelingan ka oerang, soepaja oerang goemati ngalampahkeun kawadajiban oerang.

Koedoe ngelingan deui jen pangna oerang hiroep teh nja eta adjang noe lian, ngabelasan anak rabi, baraja, sobat sobat djeung batoer sanagara. Lain adjang batoer sazaem (parijengenooten), tapi adjang batoer sanagara

(landgenooten). Ti dinja kakara keur noe ngoembara di nagara oerang (vreemdelingen) Di oenggal nagri ngan aja hidji kaeom (partij) anoe perloe dipoejji nja eta kaeom noe njaah ka lemah tjai. Saha saha 'noe njaah ka lemah tjai aja soepna kana golongan eta, kadjeun teuing koemaha koemaha oge diseboetna mah. Mikanjuah koe pokna, djeung prakna. Anoe teu beunang diitoeung kana golongan eta nja eta sakoer anoe ngoeroes kaperloeun sakaoemna sakaoemna bae, dibelaan ngaroebolkeun kaeom anoe lian, padahal eta teh toenggal batoer sanagarana keneh.

21. KARAPIHAN.

Peperangan hidji katjilakaan anoe gede pisan, sabab lain ngan matak ngaroeksak badan atawa banda bae, tapi eta deui osok ngabenerkeun ka anoe salah. Alam (natuur) sok ngadjakan peperangan bae, tapi ari kaberberodian (beschaving) mah ngadjakna teh lain ka anoe kitoe, tapi kana karapihan. Saer Bisnarok:

"Lamoen seug teu aja perang, hiroep teh meureun teu matak resep" (zonder strijd geen leven). Ari saenjana lain kitoe tapi kieu koedoena mah: "Lamoen taja karapihan, jumo aja kaberberodian (zonder vrede geen beschaving). Djalma anoe biadab ngan sok hajangeun papaseaan, peperangan bae, ari noe berbuedi mah ugau karapihan anoe dipalar. Katoeroeg toeroeg ari anoe djadi kamasoerana radja mah da eta dina isea nolak bahja, lamoen aja peperangan anoe pohara, anoe pibisaen nebak karadjaanana, nepi ka salametna teu kabawa bawa. Tapi sanadjan teu aja radja noe iseaun ngarapihkeun oge, ari moenggoeh kaamanan, kaloginanan nagara mah koedoe didjaga bae sarta koedoe kadjaga deui.

Karapihan lain hidji pamohalan. Katoeroeg toeroeg lain laki, anoe sok nganiaja djalma tanpa dosa mah. Moal bisa adil moen dibarangan koe adoean, resep perang mah.

Boh di imah, boh di loear oge koe doe raphi bae. Sababna ngan dina waktoe karapihan oerang bisa milampah kahadean, nambahan elmoek djeung njeunangkeun diri teh. Djaman baheula karapihan teu teu aja matak oerang leuweung mah masih 'kepeh bae kitoena teh nepi ka ajeuna.

Ari oerang mah ajeuna apau geus tjoekoop koe kaberberodian, mo boeroeng bisa, moen niat roentoet roekoer teu papaseaan teh. Peperangan teh koe pohara ongkosna, nepi ka noe meunang oge sok eleh bae (roegi).

Njaah ka lemah tjai djeung adilna leuwih loehoer martabatna batan kaadilan woengkoel. Koe sabab eta dina mangsana oerang noeloengan nagara nja boedoe ngalawan, dina ngabelasan perkara kaadilan pon nja kitoe keueh, sanadjan nepi ka koedoe perangan oge. Ngan eta bae oelah sok hajang perang teu poepoegoech. Katambang tambah ajeuna mah rarag roeroeg teh geus teu perloe deui, sabab noe kitoe teh geus aseep kana lampah kadjahatan. Nagara adjang djalma, lain sabalikna djalma adjang nagara. Sagala karoeksakan, sakoer serdadoe noe tateo, noe kasoran dina pangperangan, eta teh lain perkara leutik leutik.

Taja deui anoe adil kadjaba ti perang nolak bahja (verdedigingsoorlog). Kasoetjanaan nagara saroes bae djeung kasoetjanaan manoesa. Eta sababna noe matak nagara oge koedoe ngamalkeun ibadah djeung koedoe netepan djangdjina deui.

Pikeun nagara oge oelah kaperloeun tapi koedoe kawadajiban, anoe djadi wet pangloehoer-loehoerna teh (hoogste wet). Nagara teh lain boga kawadajiban ka noe ngeustianana bae, tapi oge ka nagara noe lian katoet noe njiingjanana. Dimana perloe nagara teh koedoe bisa nolak bahja perang, tapi oelah ngaroeroeg. Tohaga, reugreup pagueuh sadjeroning raphi (gewapende vrede) leuwih hade batan perang.

Soepaja hawa napsae hajang ngaroeroeg djeung sangkan taja noe wanieun ngaroeroeg ka oerang, eta teh katjida pisan hesena, lantaran anoe djadi poko nja eta koeloe aja doeti djeung lain saeutik saeutik, koedoe mangjoeta joeta roepia. Paingan aja babasan noe nepi ka ajeuna bener bae. "Saba-saba noe pambrih raphi, sok sasadiaan parobot perang.

Nja kitoe deui hak hakna nagara dina namoestoenganana, dina popodjokanana, dina antek antekna koedoe ditangtjoengan koe balad (leger).

Djadi karep teh koedoe kieu: "Nga-jakeun balad pikeun sakabeh nagara (een gemeenschappelijk leger) soepaja ngadjaga karapihanana katoet hak hakna sakabeh nagara. Sanggeus aja ieu, kakara di sanagara sanagarana pada ngajakeun balad saperloeana pikeun ngadjaga karapihanana, kaamananana di sadjero nagara nagarana.

Karapihan koedoe dimimitian di sakola. Keun bae heulaan moen aja baroedak anoe geloeit teh, sabab eta teh matak ngagedekeun wawanen. Karepna alam (natuur) teu perloe dipeungpeuk bae.

Lamoen geus eureun, boh dipisah atawa eureun sorangan, tangtloe adoeanana leungit. Koedoe diadjar mitoea anoe hianat, kona kena bedas, gede tanaga. Laoen laoen sakoer boedak anoe doesoer teh, koedoe sina djadi boedak anoe roentoet roekoer djeung pada batoerna. Pangadjaran teh lain ngan sina nepi ka djadi djalma bae, tapi sing nepi ka djadi djalma berboedina deui.

Pangna teu daek geloeit oelah koe lantaran sabab sioun, tapi koedoe koe lantaran inget kana ibadah, kana kaadilan djeung kana adjen dirina. Noe aranom koedoe perang, jeu perang teh hidji pagawean anoe teu pantes (onbeschaaft). Koedoe tjoea kana perang sabab eta anoe ngalantarankeun loba kaujeri, nambahan kasoesah djeung ka-teu-adilan. Koe lantaran aja peperangan djalma teh sok tambah kawani tapi matak ngoerangkeun kana kalemesan hatena. Tjeuk Walanda mah sok matak "ruw" (kasar).

Eta sababna noe matak koedoe resep kana karapihan, karoekoeran, aja tjara pikir genah-toemaninah taja kahariwang. Ari di pangperangan mah span nge katingal teh ngan getih, getih djalma anoe tateo noe kasoran, eta sababna noe matak osok diseboet tegal getih.

Lain tjara nagara noe taja hoeroehara, anoe teu werit, mani saroes bae reudjeung patanen ningal pasawahana anoe keur meudjeuhna dipiboetan, parena omjang koneng, matak resep neuleu, matak loegina pikir.

22. PAJAN.

Djalma teh koedae pajaan. Saenjana mah teu pajaan teh koedoe diasoepekeun kana perkara djabat koe pangadiluan. Lamoen kieu, geus tangtloe djoeragan djoeragan anoe ngamalkeun ka teu pajaan teh bisa kaadjar.

Sakoer anoe noengtoen kana teu kaopan, katjida matak ngadatungkeunana bahja, sanadjan manehna djalma hade oge. Djalma-djalma teh koedoe pajaan, sanadjan teu saroes pikirana oge. Lamoen kajakinan sorangan hajang diadjenan, atoech koe doe daek ngadjenan kajakinan batoer. Lamoen sareres teu pajaan, atoech hiroep sabiloeloengan djeung pada batoer teh hamo aja.

23. SENANG.

Koedoe bisa senang koe kaajaan diri sorangan, sabab loba deui djalma noe leuwih sangsara batan andjeun. Sanadjan andjeun senang bae oge mo boeroeng bisa moen andjeun hajang tambah bharat, tambah martabat tambah kasenangan, asal eta bae oelah mikahajang loereun garit wates-waten kabisa andjeun djeung atoean wet nagara. Djalma anoe senang tara njereboet milik batoer. Lamoen seg oerang ngasoet-ngasoet djalma anoe teu senang, sangkan beuki tambah ka-teu-senangan, eta teh teu hade djadi oerang teh nintjak di salah. Masing inget kawadajiban oerang teh lain kitoe, tapi nja eta sabisa-bisa koedoe bisa ngoerangkeun kasangsaraan, ka-teu-senangan sasama mah-loek.

Kamadjoean alam, lain beubeunanganana djalma noe ngarasoela, noe taja kasenangan salalawasna, tapi djasana anoe ahli ibadah, noe daek toeloeng-toemoeloeng ka sasama mah-loek teu karana aja pangarah atawa pambrih dibales asih.

24. KAROENJAN.

Karoenjan teh lakoeung djalma anoe sok ngarasakeun kasoesah batoer. Djadi djalma teh koedoe bisa mindah keun maneh kana 'toegonah toemani nah batoer, sanadjan teu koea kieu oge. Biasana djalma noe tara masakat diteloenganana teh ngan koe 'djalma noe pada teu boga deui sabab anoe kieu mah njahoen koemaha rasana ari miskin. Sok aja noe njawala: "Ah eukeur naon ari ngan oekoer njah njah bae mah" Oelah kaliroe, jen miloe-soesah teh saroes djeung nan dangan saparona tina eta kasoesah,

sarta masing inget jen karoenjaan teh indoeungna toeloeng tinoeloengan. Ka djeun sakali kalieun katipoe batoer djeung tinimbang ngaleungitkeun ka karoenjaan sama sakali mah. Euweuh deui tebeut anoe panggoreng gorengna kadjaba ti kadjeunan, teu perdoelian. Djalma teu koedoe pisan ngingetkeun kana soeka doekana pada kawoela. Ari sabana kieu: „Boh di sato boh di djalma kapan goebragna ka alam doenja teh lain kahajagna sorangan, tapi naha ari lolobana mah bet nandangan sangsara bae. Loba pisan anoe matak helok. Pek bae geura ingetkeun, koemaha moenggoeh di djalma anoe lolong anoe torek, anoe tanpa daksa bawo ti koedrat.

Ingetkeun deui, naha sasatoan mana sok dipeuntjit, laeok sok dilintaran. Birsunguh deui, koemaha tiseoksoek tidoengdoengna djalma dina sesaha ujar pangoepra diwaja. Sanadjan ka djalma anoe djalat, anoe nandangan sangsara lantaran salahna pribadi oge, koedoe bae aja kakaroenjaan.

Sabah geura heug ingetkeun lamoen oerang eukeur boedak meunang pangudjaran anoe tjara kitoe, naha pamohalan moen oerang nepi ka djadi djalma goreng? Karoenjaan taja salahna.

Samboengenn

Politiek desa.

Ti barang sok aja Weekblad basa Soenda, anoe toedjoenanana soemerep kana sanoebari, soemaramah kana bejah anoe toena tjara koering, me mang koering sok miloe oelo-bioeng tjampoer reudjeung batoer, daek toelas toelis ngabedjakeun pamanggih koering, boh noe kadenge koe tjewli, boh noe kadeuleu koe mata. Soemawonna ari dina Sipatahoenan mah, teu koedoe ditjaritakeun deui, da geus koeostara koe sarensa, kilangbara ari oenggal minggo mah, satoelan sakali sok natan tara loepoet, koedoe bae karaos beubeunangan koering teh.

Henteu koedoe disiboet batoer, da koering oge roemasa, (ngoekeur ka koedjoer tinimbang ka awak), jen pang gawe koering teh estoe lalab roembab, tjangkorang bongkang, sanes masalah anoe penting atawa djeur, estoe tamba loemajan, kerna Allah kabina-bina.

Kaloebanana anoe dijjigun tjarita, ngan kadjadian noe sapoeana bae (tjaoeh tina wetenschappelijk), sakoe anoe karaos koe awak koering koering beresna, matak ngalantara keue koering toemarima ka bangsa koering anoe hiroepna tjara koering, lara masakat.

Kade, djoeragan-djoeragan noe sok maraos lepat sangka, ujangka ka koering, pang sok toelas-toelis teh, hajang kataugar kawentar bisa kitoe bisa kieu, hajang dipoe dji sarta disiboet loehoeung ilmoes panemoeh beh ditoeana lega amohan djeung titingalan. Paraloen, djoeragan i paraloen sanes kitoe noe dipimakoed teh.

Kajanan-kajanan di tempat koering di padesa, nagara sakitoe leutikna, hajang koeoniga katingali koe djoeragan-djoeragan anoe marangkoe di nagara gede tjara di Bandoeng djeung di Batawi.

Suegan . . . pirakoe ari geus karoeninga mah, djoeragan-djoeragan anoe sakitoe maroeljana, rek ngautep ka bangsana, anoe hiroepna loba kasoesabna.

Manawi sadajana oge tangtos map-boem, nagara-moel bisa rahardja lamoen kajanan manoesana teu soegema.

Nja kitoe deui, kadjaba ti roepa-roepa krajan, koering sok radjeun oge noelis beueh pikiran koering, anoe koe koering katimbang perloe, njoehoeukeun piteodoeh anoe ahli kana masalah noe djareu, malah mandar raridoeun, memener ka noe sakieu tjoept singsetna.

Lain pisan pasedjaan koering malar pamoe dji atawa mapatahan djalma rea, tobat . . . djaoh tanah ka langit, da koering oge papatahan, toeng-toeneun anoe parantos aja talna.

Nja kitoe deui, sanadjan lain koering anoe sok noelis „ti pipir hawoe” atawa „ti padoekeoha” dina Sipatahoenan, memang katimbang perloe koe koering mah. erloe-na, nja eta soepaja djoeragan djoeragan anoe djoemhoer tea, anoe laling-gih Ji kota gede, lain ngan soepja beninga bae kana krajan pantar kitoe api malar ugakal terekah, daon djeung koemaha piakaleunan soepja noe pantar kitoe gantjaug moesana. sareng sanes dina Sipatahoenan bae, noe sok aja bedja pantar kitoe teh, api dina oenggal soerat soerat kabar,

boh kabar Walanda; boh kabar oerang priboei. Meureun mana kitoe oge, jen perloeana teh lain ngan zoeroot tinimbangan koering bae, tapi timba ngan noe palinter oge.

samboengenn.

Raad Kaboepaten.

Djoer. Ahmad Atmadja parantos njang-gakeun panoehoen ka Raad Kaboe-pateu Tasikmalaja. Kieu oengalna: -Tasikmalaja 3 Mei 1928. Kondjoek hing pangarsa Kangdjeng Boepati Voorzitter Raad Kaboepaten di Tasikmalaja.

Sareng hormat!

Ngemoetkeun kana kasasahanana djelema-djelema noe taroempak tram djalat Bandung-Tjidoelang, katjida waloeratna, koe margi dina eta tram teu aja rempat pikeun mitjeun (W.C); abdi dalem njanggakeun panoehoen, moegi kersa dibarempagkeun dina vergadering Raad Kaboepaten Tasikmalaja dina ping 14 Mei 1928, nja eta soepados Raad ngahatoeranan kawasa ka Kangdjeng Boepati angrerun njanggakeun serat (rekes) ka Hoofdinspecteur S. S. di Bandoeng soepados dina tram Bandung-Tjidoelang; diajasa tempat mitjeun pikeun djelema-djele ma noe taroempak.

Katerangan langkoeng pandjang bade ditjaroskeun dina vergadering.

Hoerematna

lid Raad Kaboepaten
W.G. (Ahmad Atmadja)

Kakaren lebaran.

Geus djadi kabiasaan sawatara poe deui kana waktoena lebaran, djalma teh nepi ka tagiwoer, balandja sasadi-an pikeun lebaran tea, anoe henteu boga doeit maksakeun maneh andjoek hoelang, anoe kakoeangan doeit hekel, ngindjeun doeit renten. Malah ari nepi kana waktoena mah, rea doeit anoe kapitjeunan henteu poe-goeuh bae, kajuning dipake meuli pe-petasan, dipake pelesiran djeung sa-tangsanana.

Ka toekang babaten mah, djadi hi dji djaan pikeun njiar koeontoengan anoe aloes-pisan.

Ka toekang ngalantoer, toekang rojal, komo deui di djeun mangsa anoe hade kabina-bina. Koe sabab kitoe nepi rea kadjadian anoe araneh pisan.

Ajeuna oerang pedar sahidji-hidji.

Walanda hedjo kawiwirangan.

Geboj-geboj anoe lendjang ti Kidoel ka Kalerweun boes ka toko di Pasar Baroe Bandoeng, reg doea Walanda hedjo (anoe bareto sok hajang disiboet Anom tea) ngarandeg hareupen toko, anoe lendjang kaloeur deui, Walanda tea noetoerkeun pandeuri, njimpang deui ka toko, Walanda tea ngarandeg deui bae, djiga pisan anoe noenggoean, anoe lendjang kaloeur deui toeloj ka station, Walanda tea noetoerkeun kenel bae.

Di station rame djalma pabeois, maloe piis ekaneun lebaran. Roepa-na bae si Walanda teh ngarasa mang-gih mangsa anoe hade, panganggoe-ran toel toel. Awewe tea malik gan-tawang njarekau koe bae Walanda rob dironom koe pada batoerna awewe tea koe para nonoman awewe lelaki. Ari simana horeng lain awewe sama-ne, ieu mah istri ti sakola pertenga-han, malah lid ti pigoesoeban „Poetri Indonesia”.

Barang eta Walanda anoe pada ngaronom teh, geus seuboh ngadenge keun panjarekan kawasa bae ngara-sa era, leos indit. (Mana koedoe asak sasar, djagan i Zett.)

Boga rasa pedah Walanda?

Dina sueltrein anoe ti Bandoeng ka Bogor pinoei dedet padet pisan di lebah Tjimahi aja Walanda naek di kelas 3, manehna dioek di djoeroe barang nepi ka Padalarang toeroen, minangkana mah djalat djalat beula. Teu lila datang bangsa Marhaen gek dioek dina oeroot Walanda tea, da si Walanda teh henteu neundeun tjiri dina pangdioekanana koe topi atawa tjaretjet. Barang kareta api rek indit Walanda tea asoep deui, barang rek dioek aja djalma, matana moereleng bari ngomong „Zeg kowe misti pigi, ini saja poenja tempat”.

Marhaen molongo, tapi teu woedoe rada wanian: „Ah, tida maoe toean, tida ada tempat lagi, kapan toean

njaho tida ada tempat, naha beli di kelas tiloe”.

Walanda tea koetoe gendeng koe bae Walanda, Marhaen henteu ngarti nja djougdjon bae dioek nepi ka tempat anoe didjoedjoeg.

Napsoe atawa soso ???

Anoe djaraoeh ti sanak barajana dina lebaran teh, sok baralik nepoen-gan baraja atawa kolot kolotna. Hi-dji djalma roepana bae henteu boga doeit keur ongkos, tapi pamadjikanana keukeuh hajangeun balik, henteu ngarti jen salaki henteu boga doeit. Tjekiok pareboet omong, tjoengtoeng-na pasea Ieu perkara nepi ka beresna pisan. Awewe tea toeloes balikna, tapi kawasa bae moel balik deui, sabab toeloj pepegatan. Dina waktoe lebaran anoe sedjen ka Lebe teh, mere pitrah tapi ieu mah nje-ralikeun pamadjikan.

Aloes, napsoe lebaran teh mani nepi ka kitoe.

Tempat soetji djadi kotor.

Oenggal taon dina poean Lebaran djeung ssenggeusna di Padjaratan Sembah Dalem djeung karamat Batoe toelis Bogor, sok rea anoe njekar, sa-wareh deui anoe maroedjoeng. Anoe njalekar teh garinding garandang pi-sau boeboehan lebaran, paelek gelek pasdek-sedek, kolot boedak awewe lelaki, bangsa nonoman patjampoer djeung resep. Maksoedna njekar kadin-na sarasihna-sarasihna.

Tapi bangsa Sinjo, bangsa babah anoe sasatana tara kadinja oge, ajeuna mah miloe arasoep ka dinja, tjoeng-toengna tempat anoe dianggap sakitoe soetjina teh dipake tempat karinah, didjieu djalat koe djalma palatjoeran.

TOKO NIC MULLER

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26. TASIKMALAJA.

SAGALA LANDONG SAJAGI. Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe ten atjan kenal. Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe segala kaperloean di noe tebih ti dokter atana-pi ti roemah sakit). Pohara perloe disajagikeun di desaa.

kabar djeung atoeranana kenging di toko.

Pangaos complete moeng 12,50 f 1.— Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goeua) anoe tiasa di-diango kana segala kasawat di djeur sareng tiasa diango ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipohan) anggoen njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes². Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, liab seungit wedak wedakan, pendekna ka perloe toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela. Mangga tingalan ka toko, di tampi sareng kawewingan hate.

Noe ngantos

NIC MULLER.

Schoonmakerij en Kleermakerij „Malah Mandar”

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengenan) ngadamel roep-roepi raksoekan anggoen pameget atanapi moerangkali mer-delna tiasa noemoetkeun sakomaha ka-pala, sareng disajagikeun roep-roepi la-wonna.

Oge njalagan slop-slop, sendal-sendal spate-spatoe ketoe oedeng modal Djawa sareng Soenda Kopeah boelodroes noe kasar sareng noe sae.

Hoerematna noe ngantos pesenan poea

O. Sasmita.

N. B.	Toedoen Panama	f 8.—
	noe didamel tina palm	f 2,50
	„ „ „ dikast	f 2,50
	strobil (pamoelana)	f 0,25

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minneman, Serootoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

TAN JOE AN TOEKANG GIGI

Dimeoka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantas.

H. I. S. Padoendan Tasikmalaja.

“Nampi pimoerideun pikeun klas I sareng voorklas ti ngawitan sasit MEI 1928 doegi ka 15 JUNI '28.

Noe bade ngalebetkeun moerangkaliha, sae soemping ka kapala H. I. S. Padoendan taboeh 9 ead;ing-codjing sakalian moerangkaliha ditjandak nja eta ti ping 1 MEI '28.

Bestuur H. I. S. P. Tasikmalaja.

Di kantor Regentschapsraad Tjamis aja lowongan

Adjunct-Roomeester gadjih noeroetkeun Schaal A. 6 kolom I B. B. L. 1925.

Noe teu tiasa (terang) kana ngagambar teu kedah rekes.

Rekesan diadresan Regent Tjamis, sareng kedah di-barengan koe verklaringen sareng diploma.

Toko „d' ORIENT” (TOKO SOENDA)

Naripan (Ketapang) :-: Bandoeng Telf. No. 2328

Ngabantjangeun roepi-roepa entjit noe aja di Toko Walanda, tasch Istri s. d. t.

Ngabantjangeun roepi-roepi kaperloean Handwerken sapertos Wol, kain stramin s. d. t.

Agent ti fabrik tjet batik schilder sareng Spuitbatik „Iris” anoe parantos kasohor kasaeanaana, pangaos schilder batik 1 flesch f 0.60. Ngagaleuh seueur langkoeng mirah.

ELECTROTECHNISCH BUREAU C. A. GRANPRÉ MOLIÈRE

Naripan No. 103 Telefoon No. 2120

BANDOENG.

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Deico enz.

Segala barang jang didjoel dan dibikin betoel. dengan me-make tauggoengan (garantie)

Kaloe toean maoe toeh, kebaikna dan kabagoesannja daga-ngan dan pekerdjaan saja, diharep toean menjaksiken ke temp-at saja, atawa bertanja kepada saja poenja langganan-langganan.

Toko Boekoe

TROMP DE HAAS

voorheen toko WEBER

DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sareng parabol sakola sareng Kantor Ngitjal pen-mas pikeun vulpen.

